



**E-HANDOUT MATA KULIAH  
PAKELIRAN GAYA POKOK II**

## **PERTEMUAN KE-4**



### **LAKON “WAHYU PURBA SEJATI”**

**(Pathet Nem)**

**PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN  
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

**Keterangan: Srepeg, laras sléndro patet nem. Perang ampyak, dengan vokabuler menurut contoh. Suasana kayon, gending suwuk, Patetan Kedhu, pocapan.**

## **POCAPAN BIBAR PERANG AMPYAK**

Dahat asri tiningalan lampahing para wadya kang tanpa wilangan kèhé, dupi medal saking kitha kawistingal kadi séla brekithi, séla araning watu brekithi semut, tuhu anglur selur tan ana pedhoté. Dhasar abra busananing wadya, abang, ireng, kuning, putih, agolong-golong lampahé datan carup wor sajuru-juru, tinon yayah panjrahing puspita. Umyung suaraning wadya, krapyaking watang myang pangingèhing kuda pangémprèting dwipangga, panjethoring sambuk geriting rodha, wor lan suaraning tambur, gong bèri myang slomprèt, tong-tong grit mawurahan teteg kaya butula, kapyarsa pan yayah wersa kintèki. Wersa udan kintèki alas pajatèn, pindha alas jati kang kadhawahan labuhan, temah kemrasak suwarané. Klèbèting bandéra, rontèk, umbul-umbul, daludak yayah hangawé-awé. Gancanging carita para wadya wus mengker tebih saking kitha praja Dwarawati, dadya kandheg lampahnya labet kasaput ing ratri, marma sami masanggrah.

Sinigeg ingkang nedheng masanggrah, ora kaya kang anèng praja Tawang Gantungan. Tuhu naréndra kang ngumbar angkara, kadya mbabati mungsuhe.

**Keterangan: *Gendhing Babad, laras sléndro pathet nem. Tampil Dasamuka, Indrajit, Prahastha, Togog, dan Bilung. Gendhing sirep, janturan.***

### **JANTURAN TAWANGGANTUNGAN**

Anenggih kang dadya gempalaning carita, kang anèng Praja Tawanggantungan. Kang satuhu dudu papaning titah madyapada, jer ing Tawanggantungan béda alaming manungsa, lamun kapérang, alaming titah dadya tiga. Sepisan alaming para Jawata kang sinebut Suralaya; kapindho alaming para jim kang ingaranan Suradèwi; dene kang kaping tiga alaming para titah pujangkara kang winastan Suranggangkara.

Praja Tawanggantungan kalebet alam Suradèwi, ora mokal kalamun dadya kadhatoning badan alus, kalebet sabangsaning bekasakan, ilu-ilu banaspati, jrangkong, wedhon, waru génjong, èngklèk-èngklèk balung atandak, wéwé kendho lan janggitan. Déné kang jumeneng nata nenggih kang jujuluk Prabu Dasakumara. Kang ing uni naréndra Alengka Prabu Dasamuka, misuwur naréndra bèr bandha sugih sentana miwah wadya bala tanpa

wilangan. Parandéné labet kasurung kamurkané, anjalari sentana tumpes, wadya tapis, nayaka telas tanpa tilas malah sang nata ugi léna anèng ngadilaga, kumarané mrayang temah raraton ing Tawanggantungan. Éwa samono, sang nata datan karasa lamun iku pasiksan, katitik datan mendha malah saya ndadra dènira ngumbar hawa, watak candhala budi nistha hambeg siya puwa-puwa mring sasama, datan naté maèlu marang panandhanging liyan hanggung anggungung karsa priyangga. Mila kathah nayakaning praja ingkang poyok-pinoyok cecengilan, tan ana rasa manunggal lan tutunggalan, wekasan nuwuhaken daredah sasaming rowang.

Déné kang kapareng ngayun, lah ta punika ingkang putra kakasih R. Begayitma, ing uni satriya bikukung-pura Radèn Indrajit. Labet kasempyok dodosané kang rama ugi pralaya majing alam penasaran, tansah cacaketan lan ingkang rama. Sinambung ing wuntat, punika papatihing praja Patih Prastha Kumara wastané. Kang ing uni Patih Prahastha ing kapatihan Purwadikara. Ugi katut aradan manjing alam prayangan.

Maksih kathah cacahing wadya kang datan kaétang, katut dadya wadya bajo barat, bekasakan, drubiksa, banaspati, wéwé wedhon lan sapadhané. Dupi sang nata mulat kèhé wadya kang samya hangadhep, mangkana wijiling sabda.

Keterangan: Gendhing wudhar, suwuk gropak, Ada-ada Girisa .

### **DASASUKMA:**

Ih hla dalah ... Patik mas kumala inten ya bandhaku ya donyaku. He anakku 'nggèr Begayitma, aja kagèt kowé daktimbali ing ngarsaningsun.

### **GODHADARMA:**

Nuwun wonten kapareng punapa paduka hanimbali ingkang putra, kawula nok-non.

### **DASASUKMA:**

Ih hla dala ... anakku 'nggèr ... wong godhèg anakku wong jarot, sapa utamané kang pinter njunjung kapraboningsun tan liya sira kulup. Jiiiit, kowé biyèn dakkongkon supaya nggolèki wanodya ingkang dadi

titising Sri Widawati apa wis antuk lacak apa durung nggèr?

### **GODHADARMA:**

Dhuh rama mugè andadosna ing kauningan, nempuh bebasan njajah désa milang kori ngantos tepung gelang anggèn kula ngupaya, wusananipun saged angsal katrangan ingkang gumathok. Ing wekdal punika tetela wonten wanodya ingkang kawentar dados titising Sri Widawati, putra nata ing Mandura atmajaning swarga prabu Basudéwa, ingkang sesilih Dèwi Bratajaya inggih pun Wara Sembadra. Namung ugi kawuningan, bilih Dèwi Bratajaya sampun kapancangaken satriya panengahing Pandawa kekasih Radèn Permadi.

### **DASASUKMA:**

Ah ... dudu karepé dhéwé, saben-saben antuk kabar titising Sri Widawati mesthi wis kalah dhisik. Jiiit, nadyan mangkono ora mendha karepku nggonku kepéngin nggarwa titising Sri Widawati. Mangka yèn daklamar tangèh kalakoné, mula jiiit ... aja wedi kangèlan Dèwi

Bratajaya colongen, kanthi cara mangkono kiraku bisa kasembadan sedyaku.

**PRAHASTHA:**

Dhuh nggèr, keparenga kula munjuk atur, Sakdèrèngipun sèwu lepat nyuwun gunging pangaksama.

**DASASUKMA:**

Inggih man, jengandika badhé ngendika menapa?

**PRAHASTHA:**

Mbok inggih keparenga kèndel semanten kémawon anggèn paduka badhé anggarwa titising Sri Widawati, awit pun bapa ènget wiwit paduka maksih jumeneng nata ing Alengka, pinten-pinten srana ingkang sampun katindakaken parandéné cabar wigar boten saged kasembadan, malah kepara anjalari wadya raseksa ingkang maèwu-èwu tumpes atapis ludhes kèles tanpa tilas, kalebet putra, sentana, lan para nayaka gugur madyaning ronanggana, wekasan paduka ugi séda ngadilaga déning manungsa ingkang amung bebala réwanda. Temah kula tuwuh pamanggih upami paduka lumampah kanthi adeg-adeg kautaman, tangèh wadya

réwanda saged hamunah wadya raseksa ingkang tanpa wicalan kathahipun. Mila nggèr ... ageng pangéman kula dhateng paduka anak prabu sampun ngantos kalampahan kados ingkang sampun-sampun. Kandhega dumugi samanten anggèn paduka ngayunaken titising Sri Widawati.

**Keterangan:** *Ada-ada Srambahan Dasamuka marah tebah jaja lalu dialog.*

### **DASASUKMA:**

Keparat ... Man, sampéyan niku wong tuwa, aja kakèhan rembug wajibé mung kari mengèstoni, boten mancahi. Ngguguwa tembung sampéyan harak mbiyèn-mbiyèn. Sampun malih sampéyan kula guguwa, mbok inggih déwa sing ngendhak karep kula boten kula glapé. Cekak cukupé sampéyan cocok kula tindaké nadyan boten rujuk nggih kula tindakné.

### **PRAHASTHA:**

Dhuh Sinuwun, menawi tetela mekaten kepareng paduka, pun Paman namung rumojong nyengkuyung sedya paduka.



**DASASUKMA:**

Jiiit, kowe saguh pora?

**GODHADARMA:**

Inggih dewaji, boten nedya suwala ing paréntah, dinten mangké kalilanana tata-tata bidhal nedya andhustha Dèwi Bratajaya. Ciptaning manah boten nedya wangsul menawi dèrèng kalampahan mboyong titising Dèwi Sri.

**DASASUKMA:**

Anak lanang kowe 'jiiit. Ora ilang, wiwit cilik kowé dakithik-ithik, wusé diwasa dakkudang bisoa ngrabèkaké bapakmu 'nggèr.

**GODHADARMA:**

Prastawa dhawuh paduka, boten kirang trawaca 'nggèn kula-mundhi, kalilanana ingkang putra nyuwun pamit.

**DASASUKMA:**

Lelungsèn dakbebakali, pangèstuku mawantu-wantu hamayungana lakumu ... Paman Prahastha Kumara, sampun ngantos négakaké wayah sampéyan 'man, Ndika préntahké para wadya reksasa, bacingah, bekasakan, drubiksa, budhal memanuki lampahé anak-kula Begayitma.

### **PRAHASTHA:**

Samendhang boten karempit dhawuh paduka nata, kalilanana pun bapa bidhal ngirit wadya, hamung paduka keparenga memuji murih kasembadan ing sedya kula nok-non.

### **DASASUKMA:**

Inggih 'man, mung weling kula, menawi sidhem boten wonten payo-payo, mangka wonten kabar putri ilang, para wadya boten kénging tumindak lan enggal wangsul kanthicara sesidheman, éwa semanten yèn ana opyak maling kecekel, boten susah kapréntah para wadya byuk bareng tumandang, papan kang dadi punjering kabar kudu dadi samodra hagni, segara geni.

## **PRAHASTHA:**

Kula noknon nuwun inggih sendika ngestokaken dhawuh kepareng amit madal pasilan.

**Keterangan:**

***Srepeg Pinjalan, dilanjutkan Srepeg laras slendro patet nem***

- ***Indrajit, Dasamuka, Prahastha, Togog dan Bilung.***
- ***Solah budhalan sesuai video***
- ***Suasana kayon, Tampil Trinetra bertemu dengan Udawa, tanceb berhadapan.***
- ***Gendhing seseg, suwuk, dilanjutkan Ada-ada Srambahan.Ginem.***